Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

NAN KONFERANS SOMOS LA, GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ VÁZQUEZ ANONSE YON NOUVO TÈT ANSANM ENTEGRE POU TOURIS ANT ETA NEW YORK AK PÒTORIKO

Yon tèt ansanm pou atire vizit nan Eta New York pandan ete a ak vizit nan Pòtoriko pandan ivè a

Gouvènè a anonse tou gen yon fabrikan chokola pòtoriken ki pral agrandi nan Eta New York

Gouvènè Cuomo fè anons yo nan Konferans Somos Puerto Rico 2019 la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Pòtoriko a Wanda Vázquez te anonse yon nouvo tèt ansanm entegre ant Eta New York ak Pòtoriko ki pral mete aksan sou atraksyon popilè nan toude kote yo pou atire vizit nan toude. Toude Gouvènè yo pral mande resous eta yo pou yo fè reklam pou vizit youn pou lòt nan chak nan destinasyon yo pandan ane k ap vini an. Gouvènè Cuomo te anonse tou Chocolate Cortés, pi gran fabrikan chokola nan Karayib la ak yon mak pòtoriken ak dominiken ki la depi lontan, pral agrandi nan Eta New York avèk konsèp restoran li an Chocobar Cortés. Gouvènè a te fè toude anons yo nan Konferans Somos Puerto Rico 2019 la nan San Juan.

"New York gen relasyon ekonomik ak kiltirèl solid avèk Pòtoriko, epi nouvo tèt ansanm sa a pral pwofite de tout sa eta a ak zil la gen pou ofri epi an menm tan ranfòse toude endistri touris yo gras a yon kanpay maketin entegre", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan kontrekou Siklòn Maria, New York te kanpe zepòl kole avèk frè ak sè nou yo nan zil la epi nouvo tèt ansanm sa a se dènye egzanp angajman nou pa janm sispann pran an devan pèp Pòtoriko a."

Gouvènè Wanda Vázquez Garced te deklare, "Eta New York montre yon angajman san fay nan rekonstriksyon Pòtoriko pandan de lane ki sot pase yo. Anons jodi a make yon lòt etap nan tèt ansanm solid ki genyen ant New York ak Pòtoriko a. Nou pa ka tann pou nou devlope inisyativ maketin pou touris sa a nou toulede ap benefisye, epi nou rekonesan anpil pou efò rekiperasyon ak sekou Eta New York te mennen yo nan Pòtoriko".

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, touris Eta New York la rive nan nouvo wotè, ap akeyi yon rekò 253 milyon vwayajè ki te depanse prèske 72 milya dola an 2018. Sa jenere yon enpak ekonomik ki bat rekò poutèt li depase 100 milya dola pandan senk lane youn dèyè lòt. Kòm twazyèm pi gran patwon nan eta a, lwazi ak otèl soutni plis pase 957,000 djòb, oswa youn sou 10 djòb nan Eta New York. Touris reprezante 6 pousan nan PEB Pòtoriko. Touris se yon endistri 6 milya dola nan Pòtoriko, k ap soutni 70,000 djòb.

Carlos Cortés, Direktè Chocobar Cortés, te deklare, "N anchante anpil ouvè nan Vil New York premye lokal Chocobar Cortés nou an andeyò restoran pòtdrapo nou an nan Old San Juan. Nou chwazi Bronx, ki se youn nan bastyon kominote pòtoriken ak dominiken yo ki te grandi avèk chokola nou an. N espere enspire vil la avèk gou chokola nou an, richès kilti nou an, ak chalè Karayib la".

Chocobar Cortés pral ouvè yon restoran chokola, yon ba, ak yon magazen kafe nan Mott Haven nan Vil New York, ki rele Chocobar NYC, ki pral kreye oswa soutni plis pase 100 djòb. Chocobar NYC se premye biznis pòtoriken k ap ouvè nan Bronx depi Siklòn Maria, epi lansman li mete aksan sou relasyon solid zil la genyen an avèk Eta New York. Kòporasyon Zòn Ranfòsman Pouvwa New York la (New York Empowerment Zone Corporation), ki se yon filyal Empire State Development (ESD), ofri yon prè 300,000 dola ki soti nan men Kòporasyon pou Devlopman Ekonomik Jeneral Bronx la (Bronx Overall Economic Development Corporation) pou pwojè sa a. Gen 100,000 dola tou k ap soti nan men Inisyativ Bronx la pou Enèji ak Anviwònman an (Bronx Initiative for Energy and the Environment), ki resevwa finansman nan men Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA). Finansman an pral sèvi pou acha aparèy ki gen efikasite enèjetik pou restoran an. Chocobar Cortés pral lanse pandan ete 2020 an. Chocolate Cortés se yon konpayi fabrikasyon chokola depi nan grenn rive nan tablèt ki nan 4yèm jenerasyon li, ki te fonde an 1929. Li gen katye jeneral li nan San Juan.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou ESD, Eric Gertler te deklare, "Eta New York pran angajman kenbe yon tèt ansanm solid, ki bon pou toude pati yo avèk Pòtoriko, epi anons jodi a yo k ap ranfòse endistri touris nou an ak etablisman operasyon yon mak pòtoriken ki egziste depi lontan isit la reprezante yon nouvo pa devan nan lyen ekonomik solid nou yo".

Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Port Authority New York ak New Jersey, te deklare, "Gwo kantite vòl dirèk ki ale ak soti Pòtoriko yo pase pa ayewopò nou yo pèmèt vwayajè yo deplase rapidman ak fasilman epi se yon atou ekonomik pou rejyon an. Nou fyè patisipe nan nouvo insyativ sa a, fè pati pa nou an pou ede pouse touris, epi kontinye ede rekonstriksyon zil la apre Siklòn Maria".

Prezidan Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) a Pat Foye te deklare, "MTA a fyè kolabore nan kanpay sa a Gouvènè a fasilite a. Anpil nan kliyan nou yo ak anplwaye nou yo gen lyen ak Pòtoriko, donk fè efò touris ansanm se yon fason ekselan pou soutni bèl zil sa a pandan l ap kontinye refè anba devastasyon epi fè reklam pou touris nan New York".

Efò Eta New York ap Kontinye Fè pou Sipòte Pòtoriko
Depi lè Ouragan Maria te ateri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko senk fwa epi li te kontinye bay lòd pou voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ki te finalman distribiye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don atravè eta a yo. Eta New York te deplwaye plis pase 1,000 pèsonèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik

ak elektrisyen espesyalis pou ede nan kad retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Sou direksyon Gouvènè a, Eta New York te rezève anviwon 13 milyon dola pou soutni plis pase 11,000 viktim Ouragan Maria ki te deplase yo ki ap viv nan New York. Nan kad angajman an, yon envestisman inisyal 2 milyon dola pral ale jwenn òganizasyon kolaboratè yo k ap mete Pòtoriken ki gen plis risk viktim yo an kontak avèk sèvis ki nesesè yo tankou anplwa, lojman, konsèy avantaj sosyal ak swen medikal. Gouvènè Cuomo te pran angajman jiska 11 milyon dola tou sou fòm finansman lojman ak mendèv pou Pòtoriken yo te deplase yo: 1 milyon dola pou yon pwogram k ap ofri sèvis jesyon ka solid pou Pòtoriken yo te deplase yo, ak jiska 10 milyon dola pou finanse fòmasyon travay ak plasman pwofesyonèl.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon New York nan Kongrè a (New York Congressional Delegation) kontinye ap defann Pòtoriko pou li kapab resevwa èd federal li bezwen an. An 2017, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Pòtoriko a, Ricardo Rosselló, ansanm ak manm Delegasyon New York nan Kongrè a, te pibliye yon Rapò sou Evalyasyon pou Rekonstwi Pi Byen (Build Back Better Assessment Report). Rapò a te idantifye sektè presi yo ki bezwen envestisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt sektè toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak entèvansyon premye sekouris yo, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesesè a se 94.4 milya dola.

An Septanm 2018, alokazyon anivèsè yon ane depi pasaj Ouragan Maria, Gouvènè Cuomo te siyen yon Dekrè Egzekitif ki te kreye yon nouvo Komisyon Komemorativ Ouragan Maria pou bay rekòmandasyon sou etablisman yon nouvo moniman komemoratif pou onore viktim ak sivivan Ouragan Maria yo ak rezistans kominote Pòtoriken an. Anplis de sa, an Oktòb 2018, Gouvènè Cuomo te mande FEMA pou yo repare jeneratris pou kominote yo ki nan Pòtoriko.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko, epi pou jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite pajwèb Efò Sekou ak Retablisman Empire State pou Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn (Empire State Relief and Recovery Effort for Puerto Rico and the U.S. Virgin Islands) Gouvènè a te mete sou pye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU